ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№58 (21.716) ● 2010 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. Іутыж махуэм и гуфІэгъуэмкІэ

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ди хэкуэгъу лъапІэхэ!

Пщэдей православнэхэм ягъэлъапІэ Христос (Хьисэ) Къызэрыхьужам теухуа гуфІэгъэшхуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и православие чыристанхэм си гум къыбгъэдэкІыу сохъуэхъу Іутыж махуэм и гуфІэгъуэмкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ куэдым щыщ и цыхьэр пІэщІыгъуэ зыбжанэ хъуауэ зэкъуагъэуфэ ахэр мурадыфІхэм зэрыхущІэкъум, я щэнхабзэ лъапІэныгъэхэр зэрызэхуэдэм. Дэ пщІэшхуэ худощІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и православнэ члисэхэм жылагъуэм и псэкупсэм зегъэужьыным, цІыхубэм зегъэузэщІыным теухуауэ илэжьым. Дэ ди зэхуэдэ къалэнщ жылагъуэр напкІэ, цІыхугъэкІэ зэхэтыныр, мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыІэныр къызэгъэпэщынырэ, цІыхубэр зэкъуэдгъэувэныр. А мурадыфІыр зэдгъэхъулІэн папщІэ, республикэ, дин унафэщІхэр сэбэп пылъу зэдэлэжьэным сыщогуть.

Іутыж махуэм пэгъунэгъу дыщыхуэхъум ди хэкуэгъу православнэ чыристанхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми узынщагъэ быдэ, мамырыгъэ, екъулІэныгъэ яІэну сохъуэхъу.

Ветеранхэм я щІыхьыр къалъытэ

«Зауэлі щыхьым и кьалэ» цІэ лъапІэр Налшык къызэрыфащам кьыхэкІыу, КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьыІэрохьэ хъуэхъу телеграммэ куэд.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ **Герасимовэ Надеждэ** гу льитащ «Арэ Хэкум и щхьэхуитныгъэр хъумэным лыхъужьыгъэ зэрихьэу щІэзэуа кьалэм и пщІэм хуэфащэ дамыгъэу» зэрыщытым.

Ставрополрэ Владикавказрэ я архиепископ Феофан и телеграммэм Кавказ Ищхьэрэм щекІуэкІа зэхэуэгъэр щрегъапщэ Сталирград зауэм: «Хэку зауэшхуэм щытекІуэныкъмкІэ Кавказым щекІуэкІа зэхэуэгъэм яІа мыхьэнэр абы нэхъыбэ зыкІи хэмыдж. Абыхъм кьалэпщащ Налшык икІи а кьалэм и цІэр уахътыншагъэкІэ ТекІуэныгъэм и тхыдэм хатхащ», - щыжеІэ абы и тхыгъэм.

«Налшык бийр щыдахужьым ди зауэлІхэмрэ дзэзешэхэмрэ зэрахьа лІыгъэр зэи тщымыгъупщэну ди гум кьинащ. Ар текІуэныгъэм хущІэкъуным и щапхъэ гьуэзэджэу зэрахьэнущ ди щІэблэм», - кьетх Къэрал Думэм ЗыхьуэмэжьныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Заварзин Виктор.**

«А зауэ гущІэгъунщэм и зэхэуэ хьэлъэхэм кьалэм и хъумакІуэхэм кьыщыгъэлъэгъуагъ лІыгъэ тепльджащэ», - кьыхегъэщ и телеграммэм Къэрал Думэм Щалэгъуалэ ІуэхуэмкІэ и комитетым и унафэщым и япэ кьуэдзэ **Белоконов Сергей.**

Апхуэдэу гьунэгъу республикэхэм я Іэтащхьэхэми Къанокъуэ Арсен и деж кьагъэхьащ хъуэхъу гуапэхэр. Осетие-Алание Ищхьэрэмрэ абы и кьалащхэ, зауэлІ щІыхьым и кьалэ Владикавказрэ (ильэсищ и пэ а цІэ лъапІэр кьыхуагъэфэщат) щыпсэухэм кьабгъэдэкІыу, я президент **Мамсуров Теймураз** налшыкдэсхэм кьохъуэжьэу узэпыщІащэу, екъулІэныгъэ, мамырыгъэ зэи щымыщІэнхэу. Ингушетием и унафэщІ **Евкуров Юнус-Бек** гу льетэ «нобэрей щІэблэми дянэкІэ кьэхъунухэми пщІэ зэрыхуащІын хуейм Хэкум и щхьэхуитныгъэм зи гъащІэр щІэзытауэ щыта Къэбэрдей-Балъкъэрым и бынхэм».

«ТекІуэныгъэр ильэс 65-рэ щрикъум ирихьэлІэу Хэку зауэшхуэм и ветеран Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми фІыщІэ яхуэзощІ лІыхъужьыгъэрэ лІыгъэ зэрахьам папщІэ. Тхыдэм и дерсхэр зэрытщымыгъупщэр сэбэп хуэхьуну согугъэ ди щыналъэхэм я зэпыщІэныгъэ гъэбыдэным», - щыжеІэ и телеграммэм Ставрополь крайм и губернатор **Гаевский Валерий.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен гу зэрылъитащи, «Зауэлі щыхьым и кьалэ» цІэ лъапІэр Налшык кьыззэрыфащар республикэм щыпсэухэм я дежкІэ пщІэнхуэ икІи Налшык щІэзэуа сэлэтхэм я гуащІэр абыкІэ кьэлыта хъуащ. «Фи быным хуэдэу щхьэщ фхуэзощ анэхуэдэ зэрытхуэвлэжькам кьыхэкІыу! Дэ сытри тщІэнщ бийм текІуэхэм ящыщ дэтхэнэми ильагъун икІи зыхиущІэн папщІэ абы и ІуэхуфІэкъэр щІэблэм зэращымыгъупщэжар, ветеранхэм я гугъуехьхэр щхьэщыхьныр республикэм и власть органхэм, ди жылагъуэм дежкІэ кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр», - жеІэ Къанокъуэ Арсен.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, гъатхэпэм и 25-м Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Іэ щІидзащ Налшык «Зауэлі щыхьым и кьалэ» цІэ лъапІэр кьыфІэщыным теухуа унафэм. А цІэ лъапІэр апхуэдэу хуагъэфэщащ Волоколамск, Брянск, Выборг, Дон Іус Калач.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

Хорошиловым и зэфІэкІ

ІУАЩХЬЭМАХУЭ щекІуэкІ бгы-лыжэ спортымкІэ Урысей чемпионатым и гуащІэгъэуащ. Къэралым и чемпион хьуну хущІэкъу спортменхэр я кьарурэ зэфІэкІрэ еблэжьыркъым. Чемпионатым псори зэхэту спорт лІэужьыгъуитхумкІэ щызэпеуэнущ.

Дыгъуасэрей зэхьэзэхуэм щІыхуБзхэм я деж яп увыпІэр кьыщихьащ Пшесто Еленэ. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр зэдгъэгушащ Буреев Владиславрэ Адфорова Ириндрэ.

ЩІыхуЕхуэм я деж щытекІуащ Урысейм зыбжанэрэ и чемпион Хорошиловэ Александр. Абы и хьрхуэрэгъу нэхьыщхьэхэм ящыщ, Франджым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм зэз медаль кьыщызыхьа Майтаков Сергей етІуанэ хъуащ. Муравьев Иван ещанэ увыпІэр лъысащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ чемпионатым зэрызыхуагъэхьэзырамрэ абы и кьызэгъэпэщыкІэмрэ ящыкІи кьэс щыІахэм ІофшІэкІ. Мыбы щыгугъагъу псори КЪБР-м и унафэщІхэмрэ спортымкІэ и ІэнатІэхэмрэ Урысейм бгы-лыжэ спортымкІэ и центр нэхьыфІу Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщытыр зэман кІэщІым зэтрагъэувэжьыну зэрыхуэщІэкъым и щыхьэтщ. Зэхьэзэхуэм и гугъу щІымэ, дэ псори зи ужь дитыр зы Іуэхущ - екъулІэныгъэкІэр кьрикІуэным дыхущІэкъуныр, - жиІащ Урысейм бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэм и вице-президент Мельников Леонид.

Зэпеуэм кьрихьэлІа тренер-чэнджэшІэу Цобель Бернд икъуэкІэ гъэщІэгъэн щыхьащ Урысейм мыпхуэдэ щІыпІэ зэрыщыІэр икІи, хуей хъуэм, Олимпиадэм щекІуэкІыну Сочэ и Къуэбыдэм и пІэкІэ Іуащхьэмахуэ и «Азау»-р къэбгъэсэбэп зэрыхьунур кьыхигъэщащ.

Зэхьэзэхуэхэр мэлыжьыхьым и 7 пщІонэрэ екІуэкІынущ.

УАРДЭ Жантинэ.

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ

ЕплІанэ джэгуГуэ

«СПАРТАК-НАЛШЫК» – «РОСТОВ»

Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 3. Сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 30-м.

Ди ныбжьыщІэхэр токІуэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ «Спартак-Налшыкымрэ» «Ростов»-мрэ я щІалэгъуалэ гупхэр дыгъуасэ Проходнэ щыІэзэхуэзэати, ди командэр 1:0-у текІуащ. Налшыкдэсхэм ящыщу топыр дэзыгъэкІар Этчини Патрикщ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теуха тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Исльам.

●ЗэІущІэхэр

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КАЖЛАЕВ Мурад: Сыхуейт ди республикэхэм лъэпкъ щэнхабзэр зэпэщу щыслъагъуну

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэІущІащ Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дыщэкі Мадинэрэ СССР-м и щыхуэзэ артист, РАЕН-м и академик, профессор, композитор щІэрыІуэ Кажлаев Мурадрэ. Ар Налшык къэкІуат абы и макъамэр зыщІэт «Валида» опереттэр Музыкэмкіэ театрым ящу зэрыщагъэувам къыхэкІыу.

ПРЕМЬЕРЭР къызэрыщыхъуам теухуауэ Кажлаевым жиІащ опереттэ бгъэувыныр зэрымыІуэху тыншыр, ауэ режиссер Дзбагъуэ Роман абы хьарзынэу зэрыпэлъэщар. Мурад Магомедович тепсэлъыхьащ и творческэ гугъэхэм, ныбжьыщІэ зэчиІэтІэхэм папщІэ Мэхъэчкъалэ дэт еджапІэм, езыр зи художественнэ унафэщІым икІи зи дирижер нэхъыщхьэм, зэрыщылажьэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ театрхэм я Іуэху зыІутым щІэнущІащ. Абы и жэуапу Дыщэкі Мадинэ къыхигъэщащ, республикэ унафэщІхэм абы гулъытэ хэха зэрыхуащІыр, КъБР-м и Президентым и нэІэ щІэту дыззрыт иІэсым Музыкэмкіэ театрыр реконструкцІэ зэращІынур, абы папщІэ сом мелуани 179-рэ зэрыхухахар, мылъкум и ныкъэр федеральнэ бюджетым къызэрыхэкІыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыхьэщІам и фэеплъу Дыщэкі Мадинэ Кажлаев Мурад иритащ КъБР-м и Президентым кьыбгъэдэкІ удз гъэгъахэмэ Іуащхьэмахуэ зэрыт суратышхуэрэ. ХьэщІэм фІыщІэ ищІащ къыхуащІа пщІэмрэ гулъытэмрэ, игу кьигъэкІыжащ Кулиев Къайсын и ныбжьэгъуэхуэу зэрыщытар. «Сыхуейт ди республикэхэм лъэпкъ щэнхабзэр зэпэщу щыслъагъуну икІи сыщогугъ абыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр дэІэпыкъуэгъу хъуну», - жиІащ Кажлаев Мурад.

КЪОНАКЪ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

● Лэскэн куей

Ухуэныгъэр йокІуэкІ

Лэскэн куейм хьыхь Анзорей кьуажэм щауху школыр къэкІуэну гъэ едзэгъэущІэм ирихьэлІэу хьэзыр хъунущ. НыбжьыщІэ 600 зыщІэхуэнуэ еджапІэм щыщу мы зэманым блокитІыр и кІэм нагъэ.

Школыр зыуухуэр Куэшей Азэмэт зи унафэщІ «КУЭШЕЙ» фирмэрщ. Ухуэныгъэр зэрекІуэкІым кІэлъыпІэ прораб КІуащ Адыл щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, я лэжьыгъэр къызэтемыувыІэу йокІуэкІ, ирахьэлІэн Хуей пкыгъуэхэр и чэзум ягъуэт. Бригадэм и мастерхэу Щоджэн Наурызрэ Лыхъ Замирэ я нэІэ тетщ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм я зэранкІэ лэжьыгъэр къызэпымыдыныным.

- Мы зэманым школыр зэрыхъун хуей блокипЛым щыщу тІум и кІуэцІыр къращІыкІ, ещанэ блокым и япэ кьатыр зэтелъхьэныр и кІэм нагъэ, еплІанэми и щІыпэр яухауэ, блынхэр дращІей. Ухуэныгъэм лэжьакІуэ 64-рэ хэтщ. Чырбыщхэр тезыІтьхьэхэм иджы дыдэ ІэщІагъэлІ 12 кьахьхьащ. Дэтхэнэ зыри и лэжьыгъэм хьэлэду бгъэдэтщ. Ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр кьешэІэныкІэ, техникэкІэ гугъуехь диІэкъым, - жеІэ КІуащ Адыл.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Эдинэ** *трихащ.*

Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм гу лъатэ

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэрэ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и «Гвардие ныбжьыщІэ» кудамэм и щыналъэ щтабымрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща «СтІол хъурейр» дыгъуасэ «Синдика» интур-хъэщІэщым щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ КъБР-м и Президентым КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам хэта языныкъуэ Іуэхугъуэхэр гъащІэм хэпщэныкІэ я Іуэху еплъыкІэхэр зэпэкърыхьным.

ЩІАЛЭГЪЎУАЛЭ палатэм и унафэщІ **Шыпш Аслъэн** жиІащ КъБР-м и Президентым Парламентым Зэрызыхуигъэзам Іуэхугъуэ пшыхьыкІа кьуэд къызэрыщигъэлъэгъуар, ахэр зэфІэгъэкІыным щІалэгъуалэр жьыджэру хэлІыфІыхьым зэрыхуейр, республикэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьэгъэщІэрэщІэжьыным гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэщІыпхъэр.

Республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащІэм жыджэру хэт щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ кьыхагъэщащ: республикэм туристхэр кьешэлІэныкІэ Іэмалхэм зегъэужьыгъун зэрыхуейр; хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэр нэхъ лъащу зэрызэтеублапхъэр (Интернетыр къуажэдэсхэми кьалэдэсхэми зэхуэдэу кьагъэсабэныфу щытыныр); Кавказ Ищхьэрэр сытым дежи лъэныкъуэ Іейхэмкіэ кьэзыгъэлъагъуэ центральнэ канал хэм зэгурыІуэныгъэ ещІыІэныр, щІыналъэхэм кьыщызэрагъэпэщ Іуэху дахэхэми гулъытэ хуащІу зэтеублэныр; физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ дихьэххэм защІэгъэкъуэныр; лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм кьахэкІахэмрэ дин зэмыщхь зезыхьэхэмрэ щыІэныгъэ яхэлъыным кьару псори екъулІэныр; нэгъуэщІ ІэнатІэхэми щІэуэ хэлъхьапхъэхэр, абыхэм адэкІи зэрызрагъэужьыныр щІыкІэхэр, республикэм и унафэщІхэм гу нэхъ зыльатэн хуейуэ ящальэтхэр щаубзыхуащ «стІол хъурейм».

Абы къыщыхьалъхьа Іуэхугъуэхэр зэгъэкІуауэ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Президентым и Администрацэм я пащхьэ ираліхьыну зэгурыІуащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын

АДЫГЕЙ. ***Москва метромрэ Кизляррэ къущыхьуа терактэм къыхэкІыу республикэм и президент Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий Терроризмэм ебыныкмкІэ комиссэмрэ Оперативнэ щтабымрэ я зэІущІэ пригъэкІуэкІащ. Абы щафэбзыхуащ лъахэм шынагъуэншагъэр къущыхьзэгъэпэщын и лъэныкъуэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр.***

- МОСКВАРЭ Кизляррэ къущыхьуахэр зэпыщІащ икІи Урысей Федерацэм и къэрал гъэпсыкІэ зэфІэувар къэгъэтІэсхъэным хуэунэтІащ, - жиІащ абы.

ЩытыкІэр, псом хуэмыдэу транспортымрэ цІыху зэхуэсыпІэхэмрэ, я нэІэм щІэтынир къызэрагъэпэщыну президентым къызэхуэсахэм къалэн яІщищащ.

ЗэпыщІэныгъэм зрагъэубгъу

АБХЬАЗ. ***Урысейм къыкІэлъыкІуэу Абхъазым и щхьэхуитныгъэр къэзыгъэта Пикарагуам хамэ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и Іэтащхьэр Сыхъум кІуэнущ.***

ЛОПЕС Сантос Самуэл Абхъазым зэрыщыІэну зэманым кьриубыдэу республикэм и президент Бэгъэпщ Сергей, премьер-министр Шамбэ Сергей, хамэ къэрал Іуэхуэхэмкіэ министр Гвинджие Максим сымэ, парламентархэм яІущІэнущ. 2009 гъэм и дыгъэгъазэм Пикарагуам Іэ зыщыщІадза дэфтэрым ипкъ иткІэ, къэралитІыр зэрызэдэлэжьэну унэтІынныгъэхэм зэрызрагъэубгъуным теухуауэ зэпсэлъэнущ.

КъШР-м и бэнакІуэхэр Челябинск макІуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Мэлыжьыхьым и 3 - 4-хэм дзюдомкІэ зэхьэзэхуэ Челябинск щызэхэтщэну. Губернаторым и кубокыр къхъыным щІэзэпыпуэхэм яхэтынущ Къэрэшей-Шэрджэсым и спортсменхэр.***

ЗЭПЕУЭМ нэхъ лъащу зыкъыщызыгъэлъагъуэуэ губернаторым и зэІэпах Кубокыр иратынущ. Иджыри къыздэсым ар Ипщэ Урал щыналъэм зэи икІакъым. Чемпионатым и саугъэт фондыр сом мин 200-м ноблагъэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Бахъсэн куей

Псапэ

Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Къаз:гъэхъу Альберт къыбгъэдэкІыу куейм щыщ унагъэ хуэмышІауэ 180-м ерыскъыпхъэ зэхэлъхэр иратащ.

ПСАПЭ ЗыкъэІэпыкъуахэм я спискэр абы и пщэрылъкІэ жьлагъуэхэм я унафэщІхэм ягъэхьэзыращ. Кременчуг-Константиновскэ къуажэ администрацэм и унафэщІ Малько Галинэ къызэригъэлъэгъуамкІэ, унагъуэшхуэрэ хуэмышІауэ 13 я жьлэм щопсэу. Абыхэм ящыщу Подгорнэхэ я унагъуэм сабин 6, Ульбашевхэрэ Куликовхэрэ ейм тхурытху щапІ.

Куей администрацэм къызэрыщыджаІамкІэ, мы Іуэхур Къаз:гъэхъу Альберт езым и мылъкукІэ къызэригъэпэщащ, гуфІэгъуэ махуэшхуэ гуэрми епхакъым. Дауи, фІы блэжьын щхьэкІэ, зы къэхъугъэ хэха гуэрым упэпІэльыр Іэмал зимыІэу щыткъым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Къабзагъэм емыгуГуэмэ

Узбекистаным и Наманган къалэмрэ Наманган куейм я сымаджэщхэм сабийхэр СПИД узыфэмкІэ зэрыщащІэлам теухуа къуэгъэ къэІуащ.

ТхьэмахуэкІуам а къэралым и журналистхэм траха документальнэ фильмыр къыщагъэлъэгъуащ ferqana.ru хьыбарегъащІэ агентствэм и сайтым. Абы къызэрыщащІуатэмкІэ, зи гугъу тщІы сымаджэщхэм СПИД-кІэ къыщащІэлар сабии 147-рэ мэхъу, 14-р дунейм ехыжащ. Мы гуэвэгъуэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар дохутырхэм, медсестрахэм тэмэму я къалэн зэрамыгъэзащІэрщ, кьабзагъэм зэремыгугъурщ. Уголовнэ Іуэху зыбжанэ кьаІэтащ сымаджэщхэм я лэжьакІуэ 12-м ехьэлІауэ, судым ильэси 5 - 8 трилъхьэу игъэтІысахэри щыІэщ. ИтІани медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьакІэр ефІэкІуакъым, - лъы щыхаш, мастэ щыхьаІу, нэгъуэщІ пэшхэм къызэрыгуэкІ кьабзагъэ кьудейри щыІэкъым.

Мэлыжьыхьым и 3-м, *щэбэт*

◆1840 гъэм Тенгинскэ лъэсыдзэ полкым и зауэлІ Осипов Архип гьн хуэмапІэр кьигъауэри, Михайловскэ быдапІэр зыубыдыну кьебгъэрыкІуэ адыгэ зауэлІу мини 3-м нэс иукІащ. ИужькІэ а быдапІэр здэщытам дежи Архипо-Осиповкэ урыс къуажэр кьыщыунэхуащ, быдапІэр хьумэным зи псэр щІэзыта зауэлІым и фэеплъу.

Мэлыжьыхьым и 4, *тхьэмахуэ*

◆ **Геологым и махуэщ**

◆ Сенегал Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1960 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

◆ 1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэм я оргбюрор кьызэрагъэпэщащ.

Мэлыжьыхьым и 5, *блыщхьэ*

◆Мэлыжьыхьым и 5 - 7-хэм Москва Урысейпсо гъэлъэгъуапІэ центрым щызэхэтынущ электроникэмрэ хьыбарегъащІэ технологиемрэ я 4-нэ гъэлъэгъуэныгъэр.

◆ 1905 гъэм Алъхъуей (Курп Ищхьэрэ) кьуажэдэс мэкъумэзыщІэхэм зыкъаІэтащ.

◆ 1943 гъэм Налшык дэт дагъэ заводыр зэфІагъэувауащ.

Къаугъэр къощІэрэщІэж

Суданым и оппозицэ партэр псоми къагъэлъэгъуахэр президент къэкІыныгъэхэм я гуащІэгъуэм кьыхахагъэзыжащ.

Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, къэралым и щытыкІэм Іэмал лъэпкъ кьаритыркым зэхуагъэм, пэжыгъэм тету а хэхъныныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну. А партхэм ящрэхьэм парламент, щыпІэ властым я хэхъныгъэхэми хэтыну. Ар екІуэжкІын хуейщ тхьэмахуэ кьакІуэ.

Оппозицэ партхэр зэгурыІуэныгъэ ящыІэ щІыналъэхэм кьыщызэрагъэпэщ Іуэху дахэхэми гулъытэ хуащІу зэтеублэныр; физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ дихьэххэм защІэгъэкъуэныр; лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм кьахэкІахэмрэ дин зэмыщхь зезыхьэхэмрэ щыІэныгъэ яхэлъыным кьару псори екъулІэныр; нэгъуэщІхэри.

Экономикэм, политикэм, социальнэ Іуэхум, щэнхабзэм, нэгъуэщІ ІэнатІэхэми щІэуэ хэлъхьапхъэхэр, абыхэм адэкІи зэрызрагъэужьыныр щІыкІэхэр, республикэм и унафэщІхэм гу нэхъ зыльатэн хуейуэ ящальэтхэр щаубзыхуащ «стІол хъурейм».

Абы къыщыхьалъхьа Іуэхугъуэхэр зэгъэкІуауэ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Президентым и Администрацэм я пащхьэ ираліхьыну зэгурыІуащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мэлыжьыхьым и 3-м, *щэбэт*

Мэлыжьыхьым и 4, *тхьэмахуэ*

Мэлыжьыхьым и 5, *блыщхьэ*

Планэзэр зыгъэхьэзырар **ГУЪЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Джэд пэтрэ мэулъэпхъащэ.

● Прохладнэ куей

Гъатхасэм зыхуагъэхьэзыр

МЫ ЗЭМАНЫМ республикэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапіэхэм гъатхэ вэн-сэным зыхуагъэхьэзыр. Дэтхэнэ зы хозяйствэми нэхъыщхьэу гулъытэ хуащІ хасэну жылэхэмрэ гъэсыныгъэхэмрэ къешэлІэным, техникэр зэгъэпэщыжьным.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, республикэм псори зэхэту гектар мини 185-м жылэхэр щыхасэнущ.

Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм нэхъыфІу зыхуэзыгъэхьэзырахэм ящыщщ Прохладнэ куейм щыІэ «Роксанэ» мэкъумэш хозяйствэм. Мы зэманым ильэпІэуу хозяйствэм и лэжьакІуэхэм зэрагъэпэщыжащ губгъуэм зэрихьэну техникэм и процент 90-р.

Мы гъэм хозяйствэм гектар минибл бэджэнду кьищтащ. Гуп зэкъуэтыр хуэхьэзырщ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэкІэлъыкІуэу зэрыригъэжьІыныным. Улахуэ и лъэныкъуэкІи я Іуэху Іейуэ пхужьІэнукъым - къыхэжьыкІхэм ахъшэ саугъэткІэ я цІэ ирапІуэу мэлажьэхэр.

ДЖЫЛАХЪСТЭН Мусэрбий.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэ - Къэрал Iуэхущ1апIэр 2009 гъэм зэрылэжьам кIрикIуэхэмрэ 2010 гъэм зэлъежьнуэхэмрэ теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэ - Къэрал Iуэхущ1апIэр 2009 гъэм зэрылэжьам икIи 2010 гъэм зэлъежьнуэм теухуауэ абы и унафэщIым и къудэз Дыкьынэ З. Хь. дызыщIгъэгъуэзар къэльытэн.

2. Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэ - Къэрал Iуэхущ1апIэм чэнджэщ етын щIыхуэхэм пенсэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр кьыдэзыгъэпщ щIыкIэм кьыгъуэ Iуэхугъэхэр игъэзэщIзыу, абы Iэмал зимыIэ пенсэ зэрахъуэкIыжьыну хуэунэтIауэ ялэжь Iуэхугъуэхэм я хъыбар илъэс къэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыIэрагъэхьэну.

4. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхъуэ кIэлъыплъыну кьалэн щыщIым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансэмкIэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэ, гъатхэпэм и 25
№300-П-П

● АПК

Бэвагъым и лъабжьэр

КъБР-м Мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и колегием щытекIэныныхьащ нартыхуэр, сэхураныр, кIэрпIофыр зэрызэрахьэ щыкIэмрэ ар егъэфIэкIуэныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ. Абыхъэм къыщыIегъуэныам щхьэусыгъуэ нIэщ. Къыщэтмэ, нэхъапэм нэхъ тIэкIыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэрыIуэу щытащ. И фIагъкIи, и бэвагъкIи ди республикэр екъуэхъуэр а къэкIыгъэр зехьэныкIэ абы щыгъуэ дунейм псом щыпащэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Айовэ штатым. КIэртIофрэ сэхуранрэ кьалэжьым хэгъэхъуэныкIи ди деж IэмалыфIэхэр щыIэщ.

МИНИСТР **Ерчэн Темболэ т** зэрыжIамкIэ, гъавэрэ джэшхэкIыу тонн мин 580-рэ нэгъабэ кьрахьэлэжащ. Уэгъуэ и зэранкIэ ипэ ита ильэсым зэрыхъуам нэхърэ нэхъ мащIэми, ар бжьыгъэфIщ. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу, 2008 гъэм яIа тонн мин 34-м елъытауэ, сэхурану кьыщIалъхьари нэхъ мащIэщ - тонн мин 29-м нэсщ. Адрей кьэкIыгъэхэм хьарзынэу заужьащ, псалъэм папщIэ, кIэртIофу тонн мин 200-м щIигъу кьатIыжащ, хадэжкIыу тонн мин 310-рэ кьыщIачыжащ.

Мы гъэм гъавэрэ джэшхэкIыу тонн мин 600, сэхурану тонн мин 29-рэ нэхърэ мыныхъ мащIэ, кIэртIофу тонн мин 203-рэ, хадэхэкIыу тонн мин 315-м щIигъу кьалэжьыну я мурадщ.

Абы папщIэ бэвагъым хагъэхъуэн хуейщ. Министрым кьыдэзыигъащIкIэм, ар кьыщюхьулIэнрэ иджыпей технологиехэмрэ жылапхъэхэр зэрыщIэныр.

Нартыхуэ жылапхъэхэр кьэгъэкIыным иужьрей зэманым хэпщIыкIыу зеужь. Республикэр зрикъуну тонн мини 2-м и пIэкIэ нэгъабэ тонн мин 25-рэ ягъэхъэзыращ. Арами, а Iуэхум дяпэкIи хэкъуэхуэ елэжьынущ икIи 2012 гъэм ирихьэлIэу гибрид нартыхуэ жылэгъэ кьаIэрыхьэр тонн мин 45-м е Урысей Федерацэр зыхуеям и процент 60-м нагъэсынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс къэс кIэртIофэ жылапхъэу тонн мин 30 - 35-рэ кьыщагъэсэбэп. Мы зэманым фIагъэ щIагъуэ имыIэу тонн мин 10-12 республикэм кьащIэ. Апхуэдэ щытыкIэм хэкIыпIэ кьыхуагъуэтын мурадкIэ, КъБР-м Мэкъуэмэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и лабораторэм 2002 гъэ лъандэрэ уэ зэрыщIалъэ зыхэмыт кIэртIофэ жылапхъэр пробиркэм щагъэкI. Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Мэремыкьуэ Арсен** кьыдэзыигъэльэгъуамкIэ, мы ильэсым напIэ щIыкIуу мин 55-рэ, етIанэгъэ - мин 68-рэ, кьыкIэлъыкIуэ гъэм-мин 86-рэ ягъэхъэзырыну трауХуащ. Абыхъэм жылапхъэ кьыхащIыкIынурэ, ерыскъыпхъэу ягъэкIын папщIэ гъавэгъэкIэм иращэнущ. Апхуэдэ жылапхъэ узыншэхэр кьаГъэсэбэну щIадзэмэ, гектарым хуэзэу центнер 250-300-м нэблагъэ кьахутехьынущ. (2009 гъэм зэрыхъуар центнери 157-рэщ). Ильэс къэс тонн мин 250-рэ кьрахьэлIэу хуежьажэ, республикэм и щIыхуэр а ерыскъыпхъэ берыЧэтымкIэ ирикIуу кьахуэзэгъэпэщынущ.

Мэремыкьуэ Арсен зэрыжIамкIэ, щIым и зехьэкIэр ирагъэфIэкIуэн, бэвагъ нэкъыбэ кьрагъэ тын мурадкIэ, Мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министерствэм, Мэкъуэмэш хозяйствэмкIэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым, Урысейм мэкъуэмэш хозяйствэмкIэ и центрым и щIыналъэ кьудамэм я лIыкIуэ хэр зыхэт кьэмисэр куейкэм я гъавэгъэкIэм яIуоIщ, нартыхуэр, кIэртIофыр, сэхуранр кьэгъэкIыныбмкIэ ядоIэпылъ. Белоканскэ кьуажэ администрацием и унафэщI **Абыдэ Хьэжсет**, бэдзэндырылажьэхэу **Думэнныщ Мухьэмэд, Шыбзыхьуэ Арсен** сымэ я кьэжIыгъэхэр зэкIэлъыкIэ кьагъэсэбэп Iэмалхэм зэхуэсахэр щагъэзгъэзащ.

ЗэIущIэм и кIэуэм Ерчэн Темболэт кьыхигъэщащ республикэм дунейм и щытыкIэр щызэхуэмыдэ и щыпIэхэм иджыпей технологиехэр я гъабжьэу сэхуран, кIэрпIофу, нартыхуэ жылапхъэхэр щагъэзынэхуну хьэсэ хэр щыхъэщIэн зэрыхуеиР.

Коллегием хэтхэр абы арэзы техьащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Мы махуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуфIэгъэщ: абы и щыхъэрым кьыфIащ «ЗауэлI щыхьым и кьалэ» щIэ лъапIэр. Мы Iуэху гуапэм щIэдзапIэ хуэхъуащ Урысейм и Президентым 2007 гъэм и накьыгъэ махуэ гуфIэгъэхуэм мыпхуэдизу зэрыщыжиIар: Урысейм и Къалэ-Лыхъужьхъэм я мызакъуэу, «ЗауэлI щыхьым и кьалэ» щIэ лъапIэр зыхуэфащэхэри щы1щ.

1942 ГЪЭМ и бжьыхьэм Кавказым зауэ гуащIэхэр щекIуэкIащ. А зэманым ди хэкум и Цыхуэхэм нэхъыбэу радиокIэ кьату зэхаохэр Новороссийск, Налшык, ТIуапсэ, Мэлгъобэр, Владикавказ яхъумэныжкIэ екIуэкI зэхуэхъуэм ятеухуа хьыбархэр. Кавказым щекIуэкI зауэхэр зэриухыжм ехьаныгъэ. Ар ТIуапсэ псом и Iуэхур зыхуэхъуэкIуэнур!

Новороссийск Кьалэ-Лы-хьужь зэрыхъурэ куэд щIащ, 2007 гъэм и бжьыхьэм Мэлгъобэгрэ Владикавказрэ ЗауэлI щIыхьым я кьалэхэу кьаIыстащ. Хэку зауэшхуэм и тхыдэр илъэс куэд хьуауэ зыдж икIи фронтым щыIа сэ си жагъуэ хьурт абы ТекIуэныгъэм хуэщIа хэлъхьэныгъэм хуэфащэ пщIэ Налшык зэримыгъуэтар. Абы зэфIагъэкIар зыкIи нэхъ мащIэкъым атIэ, уеблэмэ куэдкIэ нэхъыбэщI.

Лъабжьэ зиIэ тхыпхъэр зэхуэсхьэсри, сэ япэ щыкIэ Зауэм и ветеранэм я кьалэ Собветым, республикэм и Парламентым захуэзгъэзащ. Си гуапэу вжьзоIэ кьыхэслъхьа жэрдэмэр щыкIэрыздаIыгъар. Мы Iуэхум теухуауэ республикэ газетхэм кьытедза тхыпIэхэм куэд кьыпэджжащ. Налшык кьэкIуащ Москва къикIа комиссэ щхьэхуэ. Абы иубзыхун хуейт ди щыхьэрым ТекIуэныгъэ Иным хуищIа хэлъхьэныгъэр зыхуэдизыр. ХэкулI Абдуллаев Мустафарэ нэгъуэщIкIэ щIэзгъуэсу сэ сьалэн къысщащIащ а комиссэм и зэIущIэм сыхэтыну.

Гъатхэпэм и 25-м и пщыхьэщхьэм си деж телефонкIэ къэпсалащ Налшык и администрацием и кьудамэм и унафэщI Былымгуэт Юрэ икIи псом япэу сигъэгуфIащ ди щыхьэрым «ЗауэлI щыхьым и кьалэ» щIэр кьыззэрыфащамкIэ. Апхуэдэу гуфIэгъуэмкIэ кьыззэхуэхъуащ ди хэкур хуэзу зыхьума Абдуллаев Мустэфа. Си телефоным и зу макъыр увыIэртэкьым: псори хуейт кьэтхьа екъуIэныгъэмкIэ сагъэгуфIэну, кьызэхъуэжыну. ТелевидэкIэр щIэдзэнащ. Пэжщ! Президент Медведев Дмитрий жеIэ Налшык а цIыпIэр кьыззэрыхуагъэфэщар!

Мы Iуэхур щыхьэт техьуэу кьысщюхьу Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэр зэрефIакIуэн, зэрызэужьым. Лэжьыгъэхэм хуабжьу сыдахьхащ. Гъэлъапхъэгъэм къримыкьэIэфа псоми ди гуапэу яхуэтIуэтэжьынущ дахэу зэрекIуэкIари гуапэу фыкьыззэрыгушыкъуэкIари. Лъэпкъ нэщхьеягъуэ фымыльагъуу, узыншэу куэдрэ дяпэкIи фыпсэуну сыпыджьхъуэ.

Искусствоедэ **Сындыкъу Нелли** тепсэлъыхьащ республикэ зэхуэмыдэхэм я суртэщIхэм я Iэдакъэщ1кIэ зэрыщIалъэгъуэр зэригуапэм, я гупсысжкIэ, я лжьыгъэкIэ зэрыщIыхьныр игъуэ дыдэу кьызэрыгьыгъм, апхуэдэ зэхущытыкIэм республикэхэр нэхъри зэрызэпищIынум.

ЗэIущIэм кьышыпсэльащ суртэщIхэу **Хабичев Магомед** (Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ), **Эльмур Расул**(Азербайджан), **Аушев Иса** (Ингушыр Республикэ), **Аккизовэ Сиярэ** (КъБР) сымэ, нэгъуэщIхэри.

«БлэкIамрэ кьэкIуэнумрэ я лъэныж - 2010» зыфIаща выставкэм щагъэлъагъуэ Лавринец Ольгэ, Аушев Исса, Аккизовэ Сиярэ, Имаровэ Карчаев Мухьэдин, Кьэнэмэт Лейлэ, Маршэнкьуэ Руслан, Хабичев Мэремэ, Бабаев Хьэнэпи, Ерчэн Владимир сымэ, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэщ1кIэхэр.

ТАБЫЩ ДинаР.

● Гъуаздж э

Блэкiамрэ къэкiуэнумрэ я лъэныж

НАЛШЫК дэт Суртэщ1 гъуазджамкIэ музейм щагъэлъагъуэ къэрэшей, балькьэр, ингуш лъэпкъхэм я суртэщIхэм я лэжьыгъэхэр. Ар кьыззэрагъэпэщат Балькъэр Республикэм и Къэрэшей-Шэрдж эс Республикэм и Iэдакъэщ1 Iэмалхэм зэхуэсахэр щагъэзгъэзащ.

ЗэIущIэм и кIэуэм Ерчэн Темболэт кьыхигъэщащ республикэм дунейм и щытыкIэр щызэхуэмыдэ и щыпIэхэм иджыпей технологиехэр я гъабжьэу сэхуран, кIэрпIофу, нартыхуэ жылапхъэхэр щагъэзынэхуну хьэсэ хэр щыхъэщIэн зэрыхуеиР.

Коллегием хэтхэр абы арэзы техьащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



Щ1оджэщIыкIу Алий и фешлыр здагъэувыну щIыпIэм КъБР-м и тхакIуэхэр кьрихьэлIащ: *(сэмэгумкIэ кьыщыщIэдзауэ)* **Щомахуэ Амырхъан, Боташев Исса, Зумакулов Танзилэ, Елгъэр Кашиф, Залиханов Жанакьанат, Шаваев Миналдан, Тхьэгъэзит Зубер, Гуртуев Берт, Теунэ Хьэчим, Щ1оджэщIыкIу Iудэм, Гъубжокъуэ Лиуан.** *1970 гъэ*

● Текiуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Налшык и вагъуэ

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди кьрадым ТекIуэныгъэ Ин кьыззрыщихьар мы гъэм абы и щIыпIэ псоми щагъэлъапIэ. А мафIаем и бзий гуащIэхэр зыльэмыIэса унагъуэ искым ди хэкум. Кьэралым, совет щIыхуэм я щхьэхуитныныгъэм папщIэ а зэманым зэуащ хэт и ад, хэти и кьуэ, хэти и кьуэ. Ди адэмхуэ Теркъуэл Назир ящыщIи ЛIыгъэр хахуагъэр зэриIуэу бий зэрыщхьэкIуэм ягъэщIауэ зыкъыгъэсэбэпащ1уэ щыта дамыгъэхэр.

Хэкум папщIэ

ТЕРКЪУЛ Назир 1916 гъэм Бахъсэн куейм хыхьэ Къулькъужьи Ищхъэрэ кьуажэм кьыщалъхуащ. Мэкъумэшщ1э унагъуэм кьыщыхъуа щIалэ щIыкIум пасуу кьыщIащ IэжьыгIэр зыхуэдэр. Кьуажэм дэт школым и классигуэр кьнуха нэужь, ар и адэ-анэр зыхэт колхозым хыхьащ икIи абы щылэжьащ, 1940 гъэм и мазаем дзэм кьулыкъу щищIэну ираджэхуэIэ.

А кьалэныр пщIэрэ щыхьэрэ пылтыу ирихьэкIырт Назир. Кьулыкъу нэужьым абы и мурадт щытыхуа щыналъэм кьэкIуэжу, и адэмрэ адэшхуэмрэ хуэдэу, мэкъумэш лжьыгъэм пэрыувэжьну. Апхуэдэуи кьынут, 1941 гъэ и гъэмахуэм Хэку зауэшхуэм кьыкIэлъыкIуэ щымытамэ. Дзэ кьулыкъум икIри, ди адэмхуэр пэрыуващ дэтхэнэ хэкупсэм и дежкIи щIыхь зыпылъ кьалэныр. Зауэшхуэм и яп махуэхэм кьыщыщIэдзауэ ар фронт зэхуэмыдэхэм псемыблэжу бийм щыпсэщIэтащ.

Бийпэри зэкъым-тIэукъым кьызэрытехуар Назир, арщхьэкIэ абыхэмэ кьелащ1 заузлI хахуэр икIи, уIэгъэр зэрыкIыжу, фронтым Iухьэжрэ адэкIи зэуащ, си псэ нэхьапэщ жимыIэу.

Зэгурымэ (ар кьыщыхуар 1943 гъэм и бжьыхьращ) си адэшхуэ Теркъул Назир зыхуэт зауэлI гуп тIасхьэщIэх ягъэкIуат. Сержант нэхъыжь Теркъулыр абы щыгъуэм 23-нэ фочауэ ротэм и 1-нэ отделением и командир. Ирамы ар зи нэхъыжь тIасхьэщIэхэм я кьаджгет нэмыщI штабым зыщигъэбыда щыпIэр тэмэму кьахуэтэну, бийм зауэлIрэ техникуэ иIэр зыхуэдизыр кьащIэну, кьымэ, а псори нэхъ тэмэму кьызэрыIутэфын «бзэгу» кьызащIэну.

Фронтым адэкIэ километр зытхухкIэ кIуауэ, тIасхьэщIэхэм кьахуэгъэщ нэмыщI штабым и хэщIапIэр. Жэщт. Назир сымэ хуэмурэ епщащIащ штабым. Ар зыхуэмурэ нэмыщI зауэлIыр лъэныкъуэ иригъэзыну Назир яужь ит пэтрэ, абы есым гу кьылытащ икIи автоматыр «кьытригъэлъэлъащ». Абдежым зэрызехьэ кьэхъащ. Нас-зир нанIэзыпIэм Iэрыдз лъагъэм кьызэкъуипхъэтащ икIи нэмыщIхэр зыщIэс унэм щIидзащ. Бийхэм ящыщ куэд зэуэ ирагъэкIащ, кьэнахъэрэ тIасхьэщIэхэмрэ идджыри дакьикъэ зыбжанэкIэ зззэущ. Ди зауэлIхэм штабым щIэса щIыхуэ 8 яуклащ, зы уIэгъэ ящащ. Штабым щIэль дэфтэрхэр кьащтэщ, офицер уIэгъэр гъэрящIи, я хэщIапIэм кьатрагъэзжащ. Апхуэдэу ярэзуэщIа кьалэным щхьэкIэ Теркъулми ар зи пашэ тIасхьэщIэх гупым хэтахэми Вагъуэ Тлъыжь орденэр ирратауэ щытащ.

ИужькIэ, Днепр псым и Iуфэм щекIуэкIа зэзауэхэм жыджэру зэрыхэтам кьыхэкIыу, ди адэшхуэм кьыхуагъэфэщащ «ЩIыхь орденым» и 3-нэ гъыщIэр. Ар зауэ дамыгъэ нэхь лъапIэхэм зэращIыщIар куэдым ящIэ.

ЛIыгъэр хахуагъэу зауэм щыгъэрихьахэм папщIэ Теркъул Назир иджыри кьратауэ щытащ Украинэр, Белоруссиер, Польшэр, Венгриер хуит кьызэращIыжьам, Берлин кьызэращтам и щIыхьэ медалхэр, «Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ кьызэрыщащхьам папщIэ» медалэр, нэгъуэщIхэри. Хэкум и щхьэхуитныныгъэм щIэзэуа, абы щхьэкIэ и кьаруи, уеблэмэ и пси щымысьха ди адэшхуэм ТекIуэныгъэ Иным и зы юбилей къэнэжащ. Ар зауэ дамыгъэ лъапIэкIэ хэращ1 инафэщIэр кьыхуэумыпсэу.

Хэку зауэшхуэр ихуа нэужь, иджыри ильэситIкIэ дзэм кьулыкъу щищIащ ди адэшхуэм. Абы и дэфтэрхэм кьыIэрыщхьэщымкIэ, ар яхэтащ Германием кьагъэна советыдзэ гупым.

1947 гъэм Теркъулым кьиг1ззэжащ щалъхуа и щIыналъэм. Ар илъэс куэдкIэ хьэлэлу щылэжьащ Къулькъужьи Ищхъэрэм и колхозым, абы щыхьэкIэ «Лъжьыгъэм и ветеран» медалэр кьратащ. Ди адэшхуэр нэхъыжьхъэм я чэнджэщгъуэу, нэхъыщIэхэм я щапхъэу кьуажэм дэсащ. Ар мызэ-мытIуэ захащ кьужэ советым и депутату, колхоз правленэми хэтащ.

Унагъуэ дахи иIащ Теркъулым. 1947 гъэм абы щхьэгъусэ ищIауэ щытащ Дыдэ Хьэжжан. Адыгэ хабзэ екIу, нэмыс, щIэ зэрыль унагъуэм бынт 8 кьихьуащ: щIалищIрэ хъыджэбзищIрэ. Абыхъэм ящыщ куэд зэуэ ирихьэлIэгъэ екIу, Iэщ1агъэ, щIэныгъэ ирагъэгъуэтыфащ зэщхьэгъусэхэм, унагъуэуи ягъэтIысыжахэщ.

Ди адэ адэшхуэр кьытэтыжьащ, ар ерыскъыпхъэ ильэситщ. Ди дропагэ икIи дрогушхуэ апхуэдэ адэшхуэ дызэрыщIэкIыну. «Теркъул Назир и щIэблэ дахэ, гъэсэныгъэ екIу зыхэль» кьыхуэжаIэу, ди адэшхуэм дыхуэфащэу зыгъэрыпсэуным дыхуэщIокъу.

ТЕРКЪУЛ Назир *и*
къуэрыпхъу-ихъурыпхъуэм кьабгъэдэкIыу **Астемыр, Азэмэт, Кариэ, Данизэт** *сымэ.*

● Спорт

Урысейпсо зэхьэзэхуэр Налшык щекIуэкIынущ

Элиста къалэм щыIэхэтащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Ищ1э Федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэр. Абы ирихьэлIащ Европэ, Дунейпсо зэпеуэжьм щыт екIуэ ныбжьыщIэхэр зыхуэ командэ 12-м псори зэгъусэу бэнакIуэ 220-рэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэ ныбжьэхам хэту республикэм и щIыналъэ щхьэкIэ бжьыгъэмкIэ Азэмэт Мурат и гъэсэн Тхьэгъэпсо Азэмат. Иргъэрыгъэхэ зэIущIэхэм щэч кьызыгъуныжьхэн текIуэныгъэхэр кьызыгъэзыгъэ. Ар ирихьэлIэрэ, ди адэшхуэ финалым нэсащ. КIэуэ зэIущIэм ар щыхуэзащ тIэнуейрэ Европэ зэхьэзэхуэм пашэ щыхьуа Маринян Сергей. ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэм бэнэкIэмкIэ Азэмэт щэч кьыщыхагъэщIащ икIи дыжьын медалыр кьыльысащ. ЕтIуанэ увыпIэ кьызэрихьам щхьэкIэ кьэмынэу Ткъэгъэпсорэхэтынущ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Азэмэт зэхьэзэхуэу мэлыжьыжьхьым и 8-12-хэм Налшык щекIуэкIынум.

Къэралым и командэ къыхэхам ираджэ

Шэрэдж районым и спорт школхэм я гъэсэнхэр зэтащ Динецк къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа бгъырыпх бзыкIэмкIэ Урысейпсо зэхьэзэхуэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мылъку и гъэныкьуэкIэ я къахуэхуэкIа лъэпошхьэпэкэм я зэранкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам ираджэ нэсу ирикуауэ зэпеуэм ирихьэлIэфакъым.

АБы щхьэкIэ къэмынэу Липецк ди республикэм и щыныгъэ зыхуэмну кIуаxэм екъуIэныгъэфIэхэр зыIэрагъэкъащ. Апхуэдэу Шэрэдж куейм щыщIэхэу Мысост Мырзэбэчэ Мокаев Щамилрэ зэхьэзэхуэм текIуэныгъэ кьыщыхьам икIи кьэралым и командэ къыхэхам хагъэхьащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● АПК

Бэвагъым и лъабжьэр

КъБР-м Мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и колегием щытекIэныныхьащ нартыхуэр, сэхураныр, кIэртIофыр зэрызэрахьэ щыкIэмрэ ар егъэфIэкIуэныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ. Абыхъэм къыщыIегъуэныам щхьэусыгъуэ нIэщ. Къыщэтмэ, нэхъапэм нэхъ тIэкIыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэрыIуэу щытащ. И фIагъкIи, и бэвагъкIи ди республикэр зехьэныкIэ абы щыгъуэ дунейм псом щыпащэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Айовэ штатым. КIэртIофрэ сэхуранр кьалэжьым хэгъэхъуэныкIи ди деж IэмалыфIэхэр щыIэщ.

МИНИСТР **Ерчэн Темболэ т** зэрыжIамкIэ, гъавэрэ джэшхэкIыу тонн мин 580-рэ нэгъабэ кьрахьэлэжащ. Уэгъуэ и зэранкIэ ипэ ита ильэсым зэрыхъуам нэхърэ нэхъ мащIэми, ар бжьыгъэфIщ. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу, 2008 гъэм яIа тонн мин 34-м елъытауэ, сэхурану кьыщIалъхьари нэхъ мащIэщ - тонн мин 29-м нэсщ. Адрей кьэкIыгъэхэм хьарзынэу заужьащ, псалъэм папщIэ, кIэртIофу тонн мин 200-м щIигъу кьатIыжащ, хадэжкIыу тонн мин 310-рэ кьыщIачыжащ.

Мы гъэм гъавэрэ джэшхэкIыу тонн мин 600, сэхурану тонн мин 29-рэ нэхърэ мыныхъ мащIэ, кIэртIофу тонн мин 203-рэ, хадэхэкIыу тонн мин 315-м щIигъу кьалэжьыну я мурадщ.

Абы папщIэ бэвагъым хагъэхъуэн хуейщ. Министрым кьыззэрыигъащIкIэм, ар кьыщюхьулIэнрэ иджыпей технологиехэмрэ жылапхъэхэр зэрыщIэныр.

Нартыхуэ жылапхъэхэр кьэгъэкIыным иужьрей зэманым хэпщIыкIыу зеужь. Республикэр зрикъуну тонн мини 2-м и пIэкIэ нэгъабэ тонн мин 25-рэ ягъэхъэзыращ. Арами, а Iуэхум дяпэкIи хэкъуэхуэ елэжьынущ икIи 2012 гъэм ирихьэлIэу гибрид нартыхуэ жылэгъэ кьаIэрыхьэр тонн мин 45-м е Урысей Федерацэр зыхуеям и процент 60-м нагъэсынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс къэс кIэртIофэ жылапхъэу тонн мин 30 - 35-рэ кьыщагъэсэбэп. Мы зэманым фIагъэ щIагъуэ имыIэу тонн мин 10-12 республикэм кьащIэ. Апхуэдэ щытыкIэм хэкIыпIэ кьыхуагъуэтын мурадкIэ, КъБР-м Мэкъуэмэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и лабораторэм 2002 гъэ лъандэрэ уэ зэрыщIалъэ зыхэмыт кIэртIофэ жылапхъэр пробиркэм щагъэкI. Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Мэремыкьуэ Арсен** кьыззэригъэльэгъуамкIэ, мы ильэсым напIэ щIыкIуу мин 55-рэ, етIанэгъэ - мин 68-рэ, кьыкIэлъыкIуэ гъэм-мин 86-рэ ягъэхъэзырыну трауХуащ. Абыхъэм жылапхъэ кьыхащIыкIынурэ, ерыскъыпхъэу ягъэкIын папщIэ гъавэгъэкIэм иращэнущ. Апхуэдэ жылапхъэ узыншэхэр кьаГъэсэбэну щIадзэмэ, гектарым хуэзэу центнер 250-300-м нэблагъэ кьахутехьынущ. (2009 гъэм зэрыхъуар центнери 157-рэщ). Ильэс къэс тонн мин 250-рэ кьрахьэлIэу хуежьажэ, республикэм и щIыхуэр а ерыскъыпхъэ берыЧэтымкIэ ирикIуу кьахуэзэгъэпэщынущ.

Мэремыкьуэ Арсен зэрыжIамкIэ, щIым и зехьэкIэр ирагъэфIэкIуэн, бэвагъ нэкъыбэ кьрагъэ тын мурадкIэ, Мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министерствэм, Мэкъуэмэш хозяйствэмкIэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым, Урысейм мэкъуэмэш хозяйствэмкIэ и центрым и щIыналъэ кьудамэм я лIыкIуэ хэр зыхэт кьэмисэр куейкэм я гъавэгъэкIэм яIуоIщ, нартыхуэр, кIэртIофыр, сэхуранр кьэгъэкIыныбмкIэ ядоIэпылъ. Белоканскэ кьуажэ администрацием и унафэщI **Абыдэ Хьэжсет**, бэдзэндырылажьэхэу **Думэнныщ Мухьэмэд, Шыбзыхьуэ Арсен**сымэ я кьэжIыгъэхэр зэкIэлъыкIэ кьагъэсэбэп Iэмалхэм зэхуэсахэр щагъэзгъэзащ.

ЗэIущIэм и кIэуэм Ерчэн Темболэт кьыхигъэщащ республикэм дунейм и щытыкIэр щызэхуэмыдэ и щыпIэхэм иджыпей технологиехэр я гъабжьэу сэхуран, кIэрпIофу, нартыхуэ жылапхъэхэр щагъэзынэхуну хьэсэ хэр щыхъэщIэн зэрыхуеиР.

Коллегием хэтхэр абы арэзы техьащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Артист гъэзэджэм и щIэин

УФ-мрэ КъБР-мрэ щыхь зиIэ я ар тист, Абхъаз Республик эм и щыхь зиIэ артист Мыстошхьэ Пщы-зэбий и Iэдакъэщ1эм «Пущ1ыр чэзуэ» тхыпIэм и лъэтеувэ пшыхь иджыблагъэ щекIуэкIащ Щ1оджэнщIыкIу Алий и щIэр зезыхь Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэм дихьэх, абы и щIэин зэрыхуар гукъинэ ж щыщIхэу а щIыхуэр, и лжьэгъэ У, ныбжьэгъэуу щытахэр, и благъэхэр.

- НОБЭРЕЙ зэIущIэм лъэныкъуитIкIэ убгъэдыхьэ хьунущ, - жиIащ зэIущIэр зезыхьэкIэ КъБР-м щыхь зиIэ и артист, Театрым и лэжьакIуэхэм я зэпуэхьэныгъэм и унафэщI Кумахуэ Мухьэдин. - Ди жагъуэ мэхьу Пщыщ1эбий кьыззэрытхьэмытыжыр, ауэ и гупсысэжэ зэрыт тхьылъ кьыщытхуигъэнакIэ, езыри тщIыгуэу жыIпэ хьунущ.

Пэж дыдэуи апхуэдэущ зэрыхьуар. Абы кьырихьэлIаэр зэми щым хьурт, зэми кьыпыгуфIыкIэрт, Пщыщ1эбий и дуней е тыкIэр щытар ягу кьэзыигъэкIыжхэм жаIэм ельытауэ.

- Пщыщ1эбий нобэ кьытхэмытыжми, и ныбжьэгъуэхэм, и нэгу щIэкIа Iуэхуэхэм, театрым теухуа тхыгъэхэр, пьесэхэмрэ сценэхэмрэ, нэгъуэщIхэри итх кьыхтхуигъэна лэжьыгъэ купщIафIэм ар щылэжьа адыгэ театрым быдыкIиршэлIаэу дыщIэсщ, актер гъуэзэджэр дигу кьэ1гъэкIыжьну - жиIащ ипэ гъэсэгъэн эрат а КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министерствэм и Рускалан. - Пщыщ1эбий мы театрым иджыри кьэзэрэ щыIа ныбжьыщIэнущ дэ - ар хьэкъыу си фIэщ1 м эхъ у. Сыту жыпIэмэ, Пщыщ1эбий зыми емыщкъ зэчий абрагъуэ бгъэдэлъащ, театрым зэрыщылэжьам и мызакъуэу, «Бжьэмий» ансамблым хэтащ, телевидеэм гуащIафIэу щылэжьащ, псом ящхьэраци, щыIкIэ зимыгъэнщIу псэуащ.

КьыкIэлыкIуэу утыкур хуит хуащIащ Пщыщ1эбий кьыщэгъуэгурыкIуэ и ныбжьэгъуфI, КъБР-м БизнесымкIэ и институтым и ректор Хьурей Феликс.

- Дэ дыззэрыщIыкIуэр дыкьызэдэгъэгурыкIуащ, зы кьуажэ дыщыщIащ, дызэблагъащ, Москва зэгъуэгуи дыщеджащ, - жиIащ абы. - Абы и хьэл-щэным и дэтхэнэ зы нальэмэ сэ фIыуэ сыщыгъуаэхт. Щыху щыпкъэт, дэтхэнэ зыми нэмысрэ хабзэрэ зэрыкIэльыкIэрэ хьэным яужь итт, пщIэ хунщIт. Зы зэманкIэ згъэныбжьэгъуэ Магомаев Мусльмэрэ абы рэ я псэкупсэ кьулеягъэр сэ куэдкIэ зызогъэщхь. Ахэр кьызэрыгу экIт, абы щыгуэми лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым, я гуащIэр зытрауху Iуэхум зэрыхуэпэжьам ахэр зыхэтым кьыхагъэщт.

КъБР-м и щIыхуэб артист Мэремыкьуэ Хьусен Пщыщ1эбий зэрищIыхуу щытар гуапэу игу кьигъэкIыжа, абы гулыитэу хуэфащэр кьыдэгъэдэкIын лъэпкъ дыр-зыну зэрыхуейр кьыхигъэща и ужь, уи щхьэфэщыр зыгъэтэджи и макъ щэщIа дахэмкIэ акапеллэу игъэззащащ Кьанкьуэ ФIыщIэрэ Къэбэрдокьуэ Борисрэ зэдатха «Ей-ей, нэхъыжьхэм кьытхуащам унафэ» уэрэдым щыщ едзыгъэу. Ар, шэч хэмылъу, у зэрэ жыIэныр фIыуэ зыльагъуэу щыта Пщыщ1эбий и фэелльщ.

● Пщыхьэхэр

Пщыщ1эбий лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий зэрыльгъэдэлъам и щыхьэгу, сценэм щыбгъэдэща экранныкъуэмкIэ зэрыгъэльэгъуащ абы и Iэдакъэщ1экI лжьыгъэ купщIафIэхэм щыщ Iыхьэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, 2005 гъэм ныкьыгъэм и 21-м Истамбул, Босфор Iуфэм, адыгэхэм гущIагъэкIуэкIа Щыгъуэ пэкIум кьыззэрыщIипсэльащ, телевидеэм щищIа нэтыну усэ кьыщыхьащэр, Кайтов Сультан и «Анэм и гур», Шекспир Уильям и «Король лир» пьесэхэм кьытращIыкI

Щикъухьащ адыгэр дунежьым

Тэгъулан Екъуб Къайсэр къретыкI

Кавказ Хасэ хьэмэрэ Адыгэ Хасэ?

КАВКАЗЫМ икIауэ Тыркум щыпсэу лъэпкъ (адыгэхэми, абхъазхэми, шэшэнхэми, осетинхэми, къэрэшеихэми, н. къ.) псоми зэреджэр шэрджэст. А къэралыгъуэр хэщIапIэ зыхуэхъуа лъэпкъхэм я процент 90-р адыгэхэмрэ абхъазхэмрэт, уеблэмэ апрейпхэр кIуэжIб хэмтI. Тыркухэм адрей лъэпкъхэм щхьэкIэ шэрджэс щыжаIэкIэ, ахэри адыгэхэм хабжэу арат. Нобэрей Тыркур Уэсмэн къэралыгъуэ щыщытам, 1900 гъэм и пэщIэдзэкэм адыгэхэм Истамбыл щызэхаша хасэми, кьыщыщIэуахаа аджапIэми «Шэрджэс»-т цIэуэ фIащыгъар.

Уэсмэн къэралыгъуэр зэтекъутэжу абы и пIэкIэ яухуа Тырку Республикэм аэр -и пэм кьыщIэуэ хъурэ», хасэри еджапIэри зэкуищыкъам кьыщцымынэу, зэрыщэрджэсыр къагъэлъэгъуэнкъ кьапиубыдащ. 1950 гъэр кьэсхьуиIэ, адыгэхэм я бзэ, я хабзэ IуэхуиIэ я щхьэр кьрагъэIэтакъым. Демократ партыр лъэхэм тепщэ щыхъум, дамэкъуэр тIэкIу-тIэкIуурэ кьыщагъэлалэм, адыгэхэми я хасэхэр зэрагъэпэщу щIадзащ. АрщхьэкIэ, Тыркум нэгъуэщI лъэпкъхэри зэрыщыпсэуэр кьалъытэри, щхьэж и лъэпкъыгъэр нэжеиуэ зэгуфыкIыжыгъэ зэпэщыныр кьыхуэмыдэу, ахэр псори зы щIри, Кавказ хасэ хуэмыгъэкI. Апхуэдэу щытми, нэхъыбэу мыбы кьекIуалIэр адыгэхэмрэ абхъазхэмрэт.

Апхуэдэурэ зыкъомрэ екIуэкIащ. 1990 гъэхэм кьхъуа щэшэн зауэм, абхъазхэмрэ осетинхэмрэ куржыхэм драгъэкIуэжа щхьэжитынныгъэ заухуэхэр жуакIэ, езыхэм я лъэпкъыщIэхэр фIащыжрэ хасэщIэхэр къуэнхэуу хуежьащ.

Нобэм къэсыкуIэ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ зы хасэм зэдыхэтами, иджы куэдым кьалъытэ дэтхэнэми щхьэхуэу езыми зэгуфыкIыгъэ иIэжьын хуеиIуэ икIи кьыхагъэщ ар зэкъуэшI лъэпкъхэм яку дэлъ зэхуэщытыкIэфIхэм зэран хуэмыхьуну. ЛъэпкъитIыр апхуэдэу «зэкIэщIэпчыныр» иГъуэу зымыльытэхэри, абы и ужькIэ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ яку гуапагъэ дэмыльтыжыну кьыязыщIыхьэри мащIэхэм, Кавказ хасэхэм я федерацим Абхъаз хасэ щыбжаиз кьыкъэкIыжыну зэрыхуейм теухуауэ щыIэ псалъэмакъхэр кьыхэзрежьэрэ куэд щIакъым. Абы и лъэныкъуэкIи адыгэхэми я Iуэху еплъыкIэхэр яIэжщ, яхэщ абыхэми езым я лъэпкъыщIэр зэрихьэу хасэ щхьэхуэ щыIыну хуейкэри. Щэч хэмылъу, а псалъэмакъыр нэхъыбэрэ кьаIэтынущ.

Сэ сыкъапщтэмэ, адыгэ, абхъаз хасэхэр я щхьэ хущытыжу, щхьэхуэу зэрыIэжьэнымрэ лъэпкъитIми я зэран екIыну кьыхсщIыхьэркъым. Апхуэдэу хъумэ, ахэр зэкъуэту, зэчэнджэщкIэу зэрыязэдзэлажьэнымэ сэ щэч кьытесэркъым.

Пшынэхэм я нэгу щIэкIар

АДЫГЭ Iэпэпшынэхэр си пащхьэм кьытщI. Я тепльэкIэ зыри зэхуэдэкъым: хэт цыкIущ, хэт инщ; хэт плъыжьщ, хэт фIыцIэкъуэлэнщ. Ящыыкъуэхэм я Iэпэхэр щIэрауэу, гуэщыкIауэ, я фэхэр теукъуеикъауэ апхуэдэщ. Дунейр зыгъаХъэу къекIуэкIауэ, зи жьы хъугъуэм зэкъуэгъэнкъым. Ауэ ар щхьэм дэтIысхьэжа цыхуэхэм изогъэщхь ахэр. Нэхъапэм яIа пщIэр зэрамыIэжьыр игъэщхьэжагъэ хуэдэщ.

Уэун-Яйла ущыпшынэхуэмэ, Iэпэпшынэу закъуэтIакъуэщ кьыщыбгъуэтынур. Иджы абы и пIэр иубыдыну хэтщ аккордеоным. Анэм и пIэр анэнэпIэсым иубыдыфын?! Апхуэдэщ ари.

Пшынэхэм сеплъу сызэдэщысым, зэуэ абыхэм псаущмакъыр ирашажьэ. Хьэуэ, апхуэдэу жысIэмэ езгъэлеяуэ мэхъури, динэгу кьыщIэдгъэхьэнщ пшынэхэм я кьежIуэкIыкIар зытха видеокамерэ зыриз абыхэм ярыльу щытауэ. Пшынэ плъыжь щыкIур кьызощтэри, видеокамерэр пызогъанэ...

Iуэкъур щекIуэкIыр Уэун-Яйла и кьуажэхэм ящыщ зыщ. Езым и щхьэр хильхьами, адыгэр сытым дежи дэIэпыкъуну хьэзырщ гуэзэгъуэ хэх ухэм. Мызыгъэ ужмикьинкIуэтатэкъым. Кьуажэм щыщу зауэм кIуэнухэр щууей 70 зэрыгъэхьауэ, епIуанэ мах уэм е жьэнут Пщыхьэщхьэм а щIалэхэм папщIэ дкэгу дахэ зэхаша.

Хабзэм т егу, хьыджэбзхэр зы гупу зэхэтщ, щIалэхэр адрей лъэныкъуэмкIэ кьеувэкIащ. Абдежьым пшынэ плъыжь цыкIур зыIыгъ щIалэ гупым кьахоI. Ар хьыджэбзэхэм ящыщ зым бгъэдохьэри, зыгуэрхэр жинIэурэ пшынэр Iэщцельхьэ. Хьыджэбзыр кьыпыгуфыкIыурэ щIалэм пшынэр кьыIех. Ар пщIэм и Iэпэ хэм зэрытеIэбэу, уэвIэпызышэ макъамэр жэщ кIыфIым щоIу. Дж эгъуджвIэ кьызэIуах, абы кьыпещэ кьафэм, исльэмейм, льапэрисэм, апхуэдэурэ жэщыр хэкIуэтэжу зэхэотри, уджвIэ зэхуэщIыж. Пшэдей зауэм Iухьэну щIалэхэм джэгум кьаша хьыджэбзэр я нэгуэхэм ящэж.

ЕтIуанэ махуэм адыгэ кьуажэхэм кьыдзэкIа щууей 1000-м щIигъур ирагъэжьащ. Абыхэм ящыщу кьэзыгъэзэжар машIэ дыдэщ. Ди пшынэ плъыжь цыкIум и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэ кьэщI дыкIыщ зы теплъэгъуэт ар.

Иджы пшынэ фIыщIэшхуэм и «видеокамерэр дгъэIэлэжьэщ».

Iуэкъур щекIуэкIыр Уэун-Яйла. 1950 гъэм и щIымахуэ мазэщ. Нэм кьиплъыхьыр хужьщ. Iэгъуэблагъэр зыIуфэбгъуа уэсцэсIэм, адда жьыжьу. Зы фIыщIагъэ кьыхощ. Iуэнэгъу дыхуэхьумэ, нысашэ гупыр дольагъу. Шы гъащIэрэщIахэр зыщIэщIа IэжьитIыр уэс куэм гъэзгу пхращу ироклуэ, Нысашэ ящыщ джэгуэ зэрыс Iэжьэм тепхъуэ плъыжь тельщ. Iэжьэхэм я хъуреягъыр щIакIуэ фIыщIэ зыщыгъ, бащлыкъ хужь зыпщIэхэ лъ щуейм эм кьаужфэрэзыхь, шыгъэджэгу, шыбгъэрыкIуэ ящIурэ.

А нэгуэщIэм ямысашэ гупым щууитI-щы кьахоIльадэри, Iэжьэм и тепхъуэ трапхъуэтри, йожьэж. Абдежьым нысашэ гупым щуей зыбжанэ кьахохэри, тепхъуэр езыхьэжьаxэм якIэльорхъэр. Гущхьэ тепхъуэр ебгъэхьынIар адыгэ хабзэмкIэ емыкIуу кьажинIэурэ пшынэр Iэщцельхьэ. Хьыджэбзыр кьыпыгуфыкIыурэ щIалэм пшынэр кьыIех. Ар пщIэм и Iэпэ хэм зэрытеIэбэу, уэвIэпызышэ макъамэр жэщ кIыфIым щоIу. Джэгум кьаша хьыджэбзэр я уэрэхэм ящэж.

ЕтIуанэ махуэм адыгэ кьуажэхэм кьыдзэкIа щууей 1000-м щIигъур ирагъэжьащ. Абыхэм ящыщу кьэзыгъэзэжар машIэ дыдэщ. Ди пшынэ плъыжь цыкIум и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэ кьэщI дыкIыщ зы теплъэгъуэт ар.

Иджы пшынэ фIыщIэшхуэм и «видеокамерэр дгъэIэлэжьэщ».

Iуэкъур щекIуэкIыр Уэун-Яйла. 1950 гъэм и щIымахуэ мазэщ. Нэм кьиплъыхьыр хужьщ. Iэгъуэблагъэр зыIуфэбгъуа уэсцэсIэм, адда жьыжьу. Зы фIыщIагъэ кьыхощ. Iуэнэгъу дыхуэхьумэ, нысашэ гупыр дольагъу. Шы гъащIэрэщIахэр зыщIэщIа IэжьитIыр уэс куэм гъэзгу пхращу ироклуэ, Нысашэ ящыщ джэгуэ зэрыс Iэжьэм тепхъуэ плъыжь тельщ. Iэжьэхэм я хъуреягъыр щIакIуэ фIыщIэ зыщыгъ, бащлыкъ хужь зыпщIэхэ лъ щуейм эм кьаужфэрэзыхь, шыгъэджэгу, шыбгъэрыкIуэ ящIурэ.

А нэгуэщIэм ямысашэ гупым щууитI-щы кьахоIльадэри, Iэжьэм и тепхъуэ трапхъуэтри, йожьэж. Абдежьым нысашэ гупым щуей зыбжанэ кьахохэри, тепхъуэр езыхьэжьаxэм якIэльорхъэр. Гущхьэ тепхъуэр ебгъэхьынIар адыгэ хабзэмкIэ емыкIуу кьажинIэурэ пшынэр Iэщцельхьэ. Хьыджэбзыр кьыпыгуфыкIыурэ щIалэм пшынэр кьыIех. Ар пщIэм и Iэпэ хэм зэрытеIэбэу, уэвIэпызышэ макъамэр жэщ кIыфIым щоIу. Джэгум кьаша хьыджэбзэр я уэрэхэм ящэж.

ЕтIуанэ махуэм адыгэ кьуажэхэм кьыдзэкIа щууей 1000-м щIигъур ирагъэжьащ. Абыхэм ящыщу кьэзыгъэзэжар машIэ дыдэщ. Ди пшынэ плъыжь цыкIум и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэ кьэщI дыкIыщ зы теплъэгъуэт ар.

Иджы пшынэ фIыщIэшхуэм и «видеокамерэр дгъэIэлэжьэщ».

Iуэкъур щекIуэкIыр Уэун-Яйла. 1950 гъэм и щIымахуэ мазэщ. Нэм кьиплъыхьыр хужьщ. Iэгъуэблагъэр зыIуфэбгъуа уэсцэсIэм, адда жьыжьу.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Щlалэгъуалэм я Іуэху еплъыкlэр къыхощ

«Кавказ Ищхьэрэм ис щlалэгъуалэм я зэдзлэжьэныгъэ» программэм ипкъ иткlэ, иджыблагъэ Налшык щекlуэкlащ «Къэбэрдей-Балькъэр - Ставрополь край: щlалэгъуалэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъунапкъэнщэщ» зэlущlэр.

АБЫ ХЭТУ къызэрагъэпэща «Щlалэгъуалэр мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я тепъхьэщ» формыр КЪКЪУ-м педагогикэмкlэ и колледжым щекlуэкlащ. Ныбжьыщlэхэм фlэхъус псалъэкlэ зыхуагъэзащ КЪБР-м хъыбарегъащlэ Іэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухэныгъэхэм ядлэжьэнымрэ щlалэгъуалэм я Іуэхуэмкlэ и министр **Пащты Борис**, пед-колледжым и унафэщl **Байчекуевэ Нинэ**, Ставрополь къикlа гупым и Іэтащхэ **Пирумян Родион** сымэ. Апхуэдэу зэlущlэм къыщыпсэлъащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу **Ефэнды Джылахъстэнрэ Зведре Владимиррэ**.

Зэгъэнэгъуэ щlыналъмlтlым я творческа щlалэгъуалэм дэрэжэгъуэр иІэту, гукъинэжу зыкъагъэлъэгъуащ а махуэм, икlи Налшык кьалэ дэс, Хэку зауэшхуэм и ветеран зыбжанэм я унагъуэ ихьащ, щlэупщlащ, саугъэтхэр иратащ.

Къэзанокъуэ Жабагъы и щlэр зезыхъэ Эстетикэ гъэсэныгъэмкlэ центрым къыщызэрагъэпэща семинарыр теухуауэ щытащ зэгурымыlуэныгъэр зэхъыхэкlымрэ ар щымыгъэІэным пыщlа хэкlыпlэхэр убзыхунымрэ. Адэкlэ щlалэгъуалэр щыхьэщlащ Красноармейскэ къуажэм. Пльэпкъ зэмылlэужьыгъуэ кУэд зыдэс и жылэм «Зэныбжьэгъугъэр сурэту дощl» Іуэхугъуэ дахэр щекlуэкlащ. Бысым ныбжьыщlэхэм ихьщlэу яхуеблэгъа щlалэгъуалэмэ я псалъэм и мыхьэнэр, абы сэбэпынагъыу къишэмрэ щlыхум гурыфlыгъуэу къыхуихьымрэ щхъуэжькlэ дахэу тхылъымпlэ хужьым къыщагъэльэгъуащ.

КъБР-мрэ Ставрополь краймрэ я ныбжьыщlэхэр зэрыщlыхуауэ, ныбжьэгъу зэхуэхъуауэ зэбгрыкlыжахэщ, дяпэкlи щlалэгъуалэ политикэм, абыхъм я гугъуехьхэм теухуа зэхуэсхэр, зэlущlэхэр къызэрагъэпэщыну я мураду.

ШЫПШ Данэху.

Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Къэсейхьэблэм (Баксаненкэ къуажэ) зеужь. Абы дэтщ щыхуэхям я узыншагъэм щыкlэльыплъ сымаджэщ, щэнхабзэмкlэ унэ, сабий садитl, курыт школищ, уней тыкуэн, зыбжанэ, щыхуэхэр зыхуей, я гъащlэр нэхъ тынш яхуэзыщl нэгъуэщl Іуэхущlапlэхэри.

ИДЖЫБЛАГЪЭ Къэсейхьэблэ кьыщызэІуахащ къуажэдэс балигъхэми сабийхэми зыщагъэпэсэу, я нэху зыщрагъэужь парк. Ар зи фыщlэр жылэр зэрегушхуэ, абы и бын кьыхэжьаныІахэм ящыщ Тхьэлыджокъуэ Мартинщ. Фыиуэ сльагъу, сыт щыгъуи си Іэпэгъу «Адыгэ псалъэм» и напэкlуэцlхэр къэзгъэсэбэпу, сыхъеит а щlэ псэ хьэлэлым фыщlэ хуэсщlыну.

Нэгуэгъэужьыпlэр кьыщызэІуаха махуэм къуажэм нэгъуэщl зыгуфlэгъуэ Іуэхуи дэлъащ: жылэм кьыдэхъуэщlэблэм и бжэхэр кьахуэзэІуихащ сабий гъэсапlи зыхэт, къатищу зэтет курыт школыщхъэр, Еджапlэщlэри садри хужщlащ ныбжьыщlэхэм щlэныгъэ куэу, гъэсэныгъэ екlу щlэныгъэ хуэсщlыну. Абы папщlэ зыхуеину псомкlи ахэр кьыІэгъэзэщащ. Псом хуэдэм-кьым сабий садыр. Иужьрей илъэсхэм къуажэм кьыщалъхухэм я бжыгъэм хэхъуащ икlи абы и лъэныкъуэкlэ мы Іуэхущlапlэр инхэри щыкlуэхэри зыхуеину дыдэщ. Лэжьэн зэрыщlидзэрэ мазэ бжыгъэ фlэкlа мыхьэми, гъэсапlэм щекlуэкlэ Іуэху зехьэкlэ дахэм и хъыбарыфlкlэр зыкlэм щыІуэкlэщ. Абы нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ зыхуэсщlын мурад сиІэу, сэри а гъэсапlэм сыкlуащ. Іэнэщlу сахьихьатэхьым цыкlухэм, атlэ си шы Іэжьэм шы хужьыбзэр щlэщlарэ щlакlуэ хужьри ипхъуэжауэ садым и бжэІупэм сыІухьащ. Иужьрейуэ зэсхьхуэ кьыщеса мауэрати, сабийкэр шы Іэжьэмкlэ кьесщэжьыну си мурадт.

Іуэхущlапlэм сыщыщlыхьащ, абы и пщlантlэм цыкlухэр дэтт, я гъэсакlуэхэм кьыщlашауэ хьэуа кьабзэкlэ ягъэбаруэ, куу уэ кьеса уэсым хэджкlгъхьу. Ныбжьыщlэхэм я макъым ущедаІуэкlэ, кьыпщыхъурт ахэр гьатхэм хуэджэ жэнэтбзу цыкlухэм я уэрэд жьгъырууэ. Абыхъм фlэхъус ясха нэужь, садым и унэм сыщlыхьащ, сыкьыщегъэкlухьам абы и унафэщlхэр щыгъуазэ хуэсщlыну.

Садым сыІэрыщlэбакъуэу кьыІэгурыІуащ мы Іуэхущlапlэр лэжьыгъэшхуэ щекlуэкlэ, кьабзагъэ зыщlэлъ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ Іэнатlэу зэрыщытыр. А сэ гупсысэхэр нэхъри щагъэбыдащ школым и унафэщl Джатокъуэ Валерэрэ абы и кьуэдзэ Лъэпщокъуэ Мадинэрэ гуапэу кьыІэрыспежьам, сыІэрырагъэблэгъам. Абыхъм кlэщlу щыгъуазэ сыхуащlащ сабий садым щекlуэкlэ лэжьыгъэ дахэм, яІэ мурадыфlхэм.

Сыщlэжьауэ жьгъуэсІуатэм, Іуэхущlапlэм и унафэщlэм ар я гупапэ хьэщlу икlи нэгу зыужьыр кьыІэрагъэпэщащ. Гъэсакlуэхэу Тхъэмлюкъ уэ Маринэ, Къуащхьэкъан Тоня, Гъуащlапщэ Кlулэ сымэ сабийхэр кьыщlашурэ си шы Іэжьым гупгупурэ кьрагъэтlысхьащ. Псальэм кьыдэкlуэу жьыСІэщи, гъэсакlуэхэм яхэль жэуаплъныгъэ Іьыагэр нэрылъагъут АбыкlэІэ кьыІогурыІуэрт ахэр гурэ псэкlэ цыкlухэм эрадэлажьэр. Апхуэдэщ а нэхъыжьхэм щапхъэ трахыу сабий садым щыІэ адрей Іэщlагъэлъ ныбжьыщlэхэри. Аращ гупыр «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэреуэм и утыку щихьами, абы екlуэлlэныгъэ иІэу щыхэтыфар.

Сабийхэм а махуэм я нэгу зэрызэнужьам щlэн гъунэ иІэкъым. Хэт иджыпсту шы Іэжьэ зэпэщ, шы уардэ дахэ, адыгэ щlакlуэ, льэпкъ щэнхабзэм пыщlа нэгъуэщl зыхьэпшыпхэри зыхьымэфар. Сэри сыщыгуфlыкlыжащ си зэфlэкlэ мащlэмкlэ сабийхэм я гукъыдэжыр апхуэдизу кьыІэзыгъэсlэтыфам. Икlи нэгузыужьщ, икlи псапэщ.

БЫРСЕКЪУЭ Льос тэнбий.
Къэсейхьэблэ къуажэ.

Нэгузыужьу икlи гукъинэжу

● Щlхыныгъуэхэр

Шатэкlэ гъэбэкхъа кlэртlофыщlэ

Халъхьэхэр (зы цlыху и Іыхьэ): *кlэртlофыщlэ укъэбзауэ - грамм 275-рэ, псы щlыІэу - грамм 50, шатэу - граммии 100, бжьын цІынэу - грамм 20, джэдгын кущlэу - 3 - 4, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.*

КlэртІофыр укъэбзар хъуреи пІащІэ цІыкІуурэ яупщlатэ, шыгъу тракlутэ, фlыуэ зэlащlэри, см 5 - 6 и Іувагъыу тебэм ирахьлъэ. Абы цlыкlу-цlыкlуу упщlэта бжьын цlынэ, шыбжий плъыжь хьэжа тракlутэ, псы щlыІэ тlэкlу тракlэжри, и щхьэр тепІауэ дакъикъи 10 - 12-кlэ ягъавэ псыр щlэвэщlэху. ИтІанэ шатэ щlакlэри, мафlэ цlыкlу дыдэм тету дакъикъи 8 - 10-кlэ и щхьэр тепІауэ я гъэбэкхъ. Хьэзыр мэхъу щыжаІэм, шыбжий сыр хьэжа тразэщащэ, джэдгын цlынэ я щlэупщlэ тралъхьэжри, тебащхьэр тепІауэ дакъикъи 3 - 4-кlэ щагъэтщ мэ дахэ къыхихын щхьэкlэ. Кlэртlофыр зэхэпІыгІауэ щытын хуейкъым. Іэнэм щытращlэзэнэкlэ, джэдгын кущlэхэр кьытрахыж. Ар пщтыру яшх, пІастэ, чыржын, мэжаджэ е щlакхъуэ и гъусэу.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГушыІэхэр

Абыкlэщ сыкъыздикlыр

И нэщlащэр уфlыщІауэ уэрамым къыщызыкlухь лІым я гъунэгъу гуэр кьыбгъэдохэ:

- Мыр сыту угукъыджынщэ? Сыту Іейуи ухэпльэр? НакІуэ унэм нэс узгъэкlуэтэжынщ.

- Хьэуэ, хьэуэ! Аращ сэ сыкъыздикlыр, - жи лІым.

ПыІэ гуакlуэ

Бзылъхугъэ пыІэ щащэ тыкуэным щlыхьа щlыхьубзым пыІэ 20 хуэдиз щитlатэуэрэ гъуджэм иплъащ.

Иужьым:

- Мис мырауэ къыщlэкlынщ сэ кьыхэсхьр. Дапщэ и уасэр, хьыджэб?

- Зыри, - жиІащ тыкуэнтетым, - ар щыгъэу тыкуэным укъэкlуащ.

Си Іуэху хэлъкъым

Тамокнэм:

- Уи шумэданэм сыдэгъаплъэт, щlалэ.

- Уэлэхьи, удзэгъэплъэнтэ-мэ, ауэ сэ шумэдан сІыгъкъым.

- Си Іуэху хэдгъкъым. Мыбы щекlуэкlІ хабзэр псом я дежкlи зыщ.

Гъуэншэдж хьэху

ЩlалэІ цІыкlу гуп уэрщэру здэщытым, зым же- Іэ:

- Сэ си пэр - си адэм, си нэр си анэм яІщ.

- Сэ си натlэр си адэщхуэм зэрейм шэч лъэпкъ къытефхьэнкъым, сэыр фlъгъумэ.

Ещанэр къопсальэри же-Іэ:

- Уей, сэри си къуэш нэхъыжьым и гъуэщlэжьр сщыгъуу сыкъызджlам.

● Чэнджэщхэр

Дарий бостейм ету щытебдзэкlэ...

Щlэр мыфlэІуу нэхъыбэрэ щыбгъэтыну-мэ, къэбгъэкъуалъэу фошыгъу тlэкlу тебдзэн хуейщ (зы псы литрым фошыгъу бжэмышх цlыкlу хуэзэу).

* * *

Бдзэжьейр щыбгъажьэкlэ зэпэкърымыхуп папщlэ, бгъэхьэзырыр и пэ къихуэу, щыгъу щыпхуэу дакъикъи 10 - 15 хуэдизкlэ щыбгъэлъыныр хэкlыпlэ.

* * *

Дарий бостейм ету щытебдзэкlэ псы тебутхэныр щыуагъэщ - бжьыгъэ къинэнущ.

* * *

Дыхур щыгъынми, зыІэрагъэщlэращlэ хьэтlшыт щlыкlуфэкlухэми тебутхэ хъунукъым: абыхъэм бжьыгъэ къинэнкlэ хъунущ. Псом хуэмыдэу ар зэран щыхъур гъэмахуэрщ. Абы и хэкlыпlэщ мыпхуэдэ Іэмалыр: ткІуэпс мащlэ фlэкlа кьыІэзырымына дыхур шкафым дэбгъэуэмэ, щыгъынхэм мэ дахэ кьакlэрихьнущ.

● Щыхушхуэхэм я гупсысэжр

Сахуэм хэсу къонэ

МафІэр мафІэкlэ зыгъэункlыфlыр сахуэм хэсу къонэ.

Зауэр къыІэрызэщlагъэстыр шэпхъкъым, атlэ тхьылъымпlэщ.

МИНЧЕНКОВ Александр.

Зыгуэр фlыуэ зылъагъури, зыри фlыуэ зымылъагъури арэзы пщlыну гугъущ.

ЛАРОШФУКЭ Франсуа.

Нэгъуэщlыбзэкlэ псалъэм угурыІуэнущ, ауэ си псалъэм нэгъуэщl мыхьэнэ еэытым гурыІуэгъуэщ.

РОСТАН Жан.

Акъылым къыщыкlэлъажьхьым деж зылъэщlыхьэр акъылымшагъэрщ.

МОНТЕСКЬЕ.

Куэдым хущlэкъум куэд кьыІэрыхьэркъым.

ГОРАЦИЙ.

ЦІыхушхуэри цІыху къызэрыгуэкlыу аращ.

ГЁТЕ.

Напэ хужьыр махуэшхуэ гъунапкъэнщэщ.

СЕНЕКЭ.

● Зывгъэдахэ

Нэгум иплъэ къудей

рыгуэкlэ крем щыбохуэж.

* * *

НАЩlЭМРЭ нащэпсымрэ напапэр узынщэ ящlыж, зэпъахэр яшэщlыж, хужьыфlэ дахэ ящl. Нащэм кьыхэщlыкlа зэхэлъ щыб жанэ епхъэлlэ мэхъу напэм.

Псом нэхъри нэхъ тыншыр: нащэр щыбукъэбзым деж и купщlэм щыщ нэхъыбэ фэм кьытебнэу напафэм тепІъхьэныр.

ЕтІуанэ гъэхьэзырыкlэр: нащэр ботхъунщl, тІуащlэ-щащlэу зэкlэуцlыкlа хьыдан щабэм тыболъхьэри, дакъикъэ тІощl хуэдизкlэ напэм тыбогъэлъ.

Ещанэ гъэхьэзырыкlэр: джэдыкlэпс удам нащэпс бжэмышхышхуэу тІу хьыбкlэри, зэпыбощlэ. Ари гъущэ хъуа напэм щыпхэну сэбэпщ.

ШЫГЪУШЫПС хуабэм напафэ езэшар кьегъэщlэрэщlэж. Псы къэкъуэлъа литрым шыгъу бжэмышхышхуэ хыбокlуТэ. Ар псым хэткlу-хьыхуу, напэр боГъэкъабзэри, дагъэ зэбэкl крем гуэр щыбохуэ. НапэІэлъэщlым и кур шыгъуышlым хыбошlэри, нащlэу бокъуэыж. Псым хэпщlар напэм хуэзэу тыболъхьэри, и кlапэр щlхьэм кьыбошlэкlІ. Апхуэдэ компрессым нужьыкlэ джэдыкlэ е дрож маскэ пщlыну гугъущ.

Мы компрессыр щlэхщlэхыуэр пщlы хъунукъым, атlэ жэщ зыбжанэкlэ ущымыжеи, гугъуехь гуэрым ущыхэта зэззэмызэм къэбгъэсэбэпыпхъэу арщ.

* * *

ДЖЭДЫКlЭПСЫР боудэри, фо бжэмыщх цІыкlУ хыболъхьэ. Ар фlыуэ зэlыпщlа нэужь, напэм щыбохуэри, дакъикъэ 20 хуэдизкlэ кlэрыбогъэгъ. Зэхэлъыр нэхъыфlу сэбэп кьыпхуэхъун папщlэ тІуащlэу щыпхуэмэ нэхъыфlщ.

Бжьыщ къэбгъэсэбэпурэ псы хуабэпщlкlэ плъэщlыжа нэужь, дагъэ зэбэкl къызэрагъэпэщащ. Ар псым хэтщlэ зыгъэхьэзырыр нэщlэпыДжэ Замирэщ.

● Гъэщlэгъуэнщ

Бамбук

Зигъэпсэхун и гугъэу бамбук мэзым и гъунэгъу щlыпlэр хэщlапlэ зыщlыр щоуэ, сыту жьпІэмэ, нэхулъэ кьыщlынымэ нэсауэ ар кьагъэущынущ макъ щынагъу зэ́м - щэ́у, гъы, кlий макъхэм. Абыхъэм теухуауэ цІыхухэм жаІэр куэдщ, ауэ Іуэхум и пэжыпlэр мыращ: пщэдджыжь хуабэм деж бамбукым и кьудамэхэр хуэдажьу псынщlэу хохьуэ, абы-хэм кьарукlэ кьыІэспхатхьын хуей мэхъу щlэзэхьымэ кьудамэхэр. Макъхэр ткъызэкжри аращ.

Эвкалиптым и фэ гъуар щытекlкlи щэкlІ зэфlатхъ фlэкlа умыщlэу макъ ещl.

Фикус

Унэм кьыщыдгъэкl фикусым езым и хэкум, Индием, тельыджэ кущ щыуегъэІэльаГъу. А жыг хьэлэмэтыр мэз псо хьуауэ ущрихьэлlэ щыІущ. Ар дауэ кьызэрыбгурыІуэнур? Жыгым фІыуэ зиужьа нэужь, и кьудамэхэр кьоШ щыМ хокlэжри, лъабжьэ ещl. Аращи, а кьудамэр лъабжьэ мэхъури, абы аргуэру кьудамэщlэхэр кьыкъуэж. А щыкlэм и тету зы жыгым епхауэ лъабжьищэ, уеблэмэ мин зы щхьэкlэкlэ зэпыщlауэ кьохьу. Апхуэдэ мэзым банькlэ йоджэ. Ятlэ лъабжьэм метрипщl, абы и кьудамэм ищlыжа лъабжьэм метрих-блы и бгъуагъэу ущрихьэлlи щыІэщ.

Банькlэ и лъабжьэм кьуажэ псо (унищэ хьууэ) мэзым банькlэ йоджэ. Ятlэ лъабжьэм метрипщl, абы и кьудамэм ищlыжа лъабжьэм метрих-блы и бгъуагъэу ущрихьэлlи щыІэщ.

Банькlэ и лъабжьэм кьуажэ псо (унищэ хьууэ) щотlыс. Къэбгъэльагъэуэмэ, Нарбуди хьтlыгур зэрыщlыну зы банькlэ щыІэщитащ.

Гъущl жыг

Нэхъ бдыдэ дыдэу дунейм тетыр гъущl жыгхэрщ. Абы-хэм ящlыщу чэщlэр Кавказым кьыщокl. Ахэр хуабжьу бдыдэщи, пхъэхкlи, джьдэкlи пхупыупщlынукъым, сэкlэ пхуэпсынкъым, апхуэдизкlэ хьэлъэщи, псым зэрыплъхьэу мывэ хуэдэу щlотlыСыкl.

Апхуэдэ жыгхэм я пхъэм машинэ эмыльІэужьыгъэхэм ирахьэлlэ Іэмэпсымэхэр кьыщlыкlыкl щlыІэщ.

НапэкlуэцlкlэІ зыгъэхьэзырар нэщlэпыДжэ Замирэщ.

● Щlыпхъэщlэхэр

Іутlыж Борис траухуэ

Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым игъэльэгъуэнущ режиссер Тевэжж Сультlан игъэува лэжьыгъэщlэ. **Адыгэ литературэм и классик, драматург цІэрыІуэ Іутlыж Борис и «Эдип» трагедием кьытращыкlа спектаклыр** ар эи Іэдакъэщlэкl тхакlуэшхуэм и фэеплъщ.

Спектаклыр Музыкэ театрым щекlуэжынущ мэлыжьхьым и 8, 9-эм, сыхьэт 19-м щlидзэу.

● Хъыбарегъащlэхэр

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

Щоджэнщlыкlу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мэлыжьхьыр мазэм мы спектаклэр щагъэлъэгъуэнущ:

Мэлыжьхьым и 9-м:
Шамхалов Мэжид, **«Іуанэ ябгэ»** *(ГушыІэ).*

Мэлыжьхьым и 16-м:
Эдуардо де Филиппо. **«Щlыхуп икlи джентльменщ»** *(ГушыІэ).*

Мэлыжьхьым и 23-м:
Нало Заур. **«ІэфІынт и фlыщІитlыр»** *(Драмэ).*

Мэлыжьхьым и 30-м:
Кьаныкъуэ Заринэ. **«Нагъуэ и унагъуэр»** *(Драмэ).*

Театрым и художественэ унафэщlыр Урысей Федерацэм щlыхь зиІэ и артист

Шыбзыхъуэ Басирщ.

Спектаклхэм щыщlидзэр сыхьэт **18-рэ дакъикъэ 30-рщ.**

УнщlэзиІэхэр мы телефонхэмкlэ фыпсалъэ хьунущ: **42-64-94, 42-33-89**

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **5.** Къэбэрдей-Балькъэрым щlыхь зиІэ и артисткъ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цlыхубэ артисткъ, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал музыкэ театрым и уэрэджы-Іакlуэ пажэ. **6.** Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. **10.** Кавказым къыщlыщlэж псы хущхьуэ. **11.** Нарт гъавэ. **12.** Кlыщокъуэ Алим и поэмэ. **13.** Хьуэпсапlэ, гуращэ, мурад. **16.** Индыл Іуфэ щlыІэ республикэм ящlыщ зым и щlыхьэр. **17.** Зэрыджэгу куэзырхэм я нэхъыщхьэр. **18.** Гуэлъыхьым и ныбжьыщlэ. **21.** «... нэхъеІэ джэдыкlэ нэхъ Іущщ» – адыгэ псалъэжь. **22.** Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыдэкlа сабий журнал. **25.** Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкlэ щlыхь зиІэ и лэжьакlуэ, тхакlуэ, драматург. **27.** Адыгэ щlыхуб гуэрэд. **28.** Совет Союзым и ЛІыхъужь адыгэлl. **31.** Бзаджэ, щlэкlыпlэ зи куэд, ІэмалкlэІэзэ. **32.** Грозный Иван, Петр I сымэ зэрахьа къэрал кьулыкъущхьэх.

Къехьу: **1.** Аруан куейм хыхьэ къуажэ. **2.** Къэбэрдей-Балькъэрым и щlыхуб артист т, пшынэуэ Іэзэ. **3.** Іэфlщ икlи дыджщ, зыхуэмыуфыди блэр гъуэмэфы кьрезыгъэшыфри щыІэщ. **4.** Нарт хасэм и тхьэмадэ. **7.** Адыгэ мазэщlэ. **8.** Сосрыкъуэ ящlыдзкlа мывэ. **9.** «... Іэрымыльхьэ гуащэр щymыгъэгуГъ» адыгэ псалъэжь. **14.** «ВаГъуэхэм я фабрикэ» яп урысейпсо зэпеуэм щытекlуа уэрэджы Іакlуэ адыгэ хъыджэбз. **15.** Адыгэ генерал. **19.** Ильэс 300 и пэкlэ адыгэхэм кьрымыдзэр щыхагъэщlа щlыпlэ. **20.** Кавказым щыІа, тетхьэха урыс усакlуэщхуэ. **23.** Бекъуэл Леонид кьыІэригъэпэща ансамбль щlэрыІуэ. **24.** ХуабапІэ щlыпlэхэм кьыщыкlы, льэдий быдэ зиІэ, льагэу дэкlей кьэкlыгъэ. **26.** Мэ дахэ иІэу щlыхухэм зыщlахуэ, зыгрытхэ ткІуаткІуэ. **29.** Іэщ гупышхуэ. **30.** Адыгэхэр Сирием и щlыхьэр Дамаск зэреджэх.

Эхэзэлъхьлъар **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

Гъатхэпэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: **1.** Уэс. **3.** Абазэ. **5.** Анапэ. **9.** Арэф. **10** Макъ. **11.** Пщылl. **14.** Балий. **15.** Кьан. **17.** Нухь. **19.** Индыл. **22.** Хьилэшы. **23.** Пщащэ. **25.** Хьэпщlий. **28.** Пкъо. **29.** Гурэ. **30.** Кlыгу. **35.** Нартыху. **37.** Щэджэм. **39.** Бос тей. **40.** Кьудамэ. **41.** Бру. **43.** Блэ. **44.** Хьуржьин. **47.** Линэ. **48.** «Нур». **49.** Щlыпlэ. **50.** Бжьэпэ. **51.** Набгъэ. **52.** Кугъуэ.

Къехьу: **1.** Уэсмэн. **2** Салъкъын. **4.** Бгъэн. **6.** Пэщэ. **7.** «Назирэт». **8.** Плlэнэрэ. **12.** Дарий. **13.** Хьыбий. **16.** Альп. **18.** Уэз. **20.** Мы. **21.** Кьхъхь. **24** Абрэ дж. **26.** Тощ. **27.** Акlэ. **31.** Бардэ. **32.** Щтамылэ. **33.** Псырылъэ. **34.** Сеныч. **36** Хур. **37.** Шыр. **38.** Мэл. **39.** Бо. **42.** Уэнэшку. **43.** Баринэ. **45.** Иныжь. **46.** Кlыргъ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФlЫЦlЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкlымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩlАПlЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цlэкlІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещlанэ я кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; щlихабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущlапlэхэм я дзлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; ешlэ джэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкlэр зэтехуэ зэныту щытыкlым. Газетым Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкlи щlэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрипымкlэ жэуап ечь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэхьазым и 16-м №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокlІ.

1905 гъэм щыІа Революциэм и цlэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цlэкlІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эдлэ, редактору Ныбжь Таисэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 3-из нап.)*, Цей Заирэ *(2, 4-из нап.)* и корректорхэм я дизайнэныгъэ Иуан Заирэ. *КомпьютерыІэ газетым и тепльэр ящlащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суэрэтыщlЫщу* Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытраддар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №921